

NDINGABATA SEI VAVENGI

VANGU?

NAJ.C.Choat



NDINGABATA SEI VAVENGI

VANGU?

NAJ.C.Choate

Vanhu vose vane vavengi. Kunyangwe Jesu Kritsu akararama upenyu hwakarurama, wakawa nevavengi - vavengi vezvitendero - vanhu vaimuvenga Iye nokuti waiva wakarurama uye waidzidzisa kuti vanhu vose vave vakarurama kuti vakwanise kugamuchirwa naMwari. Mumagumo azvo vakamuuraya rufu rwemuchinjikwa. Hurumende yavaRoma - yakamurovera, asi vavengi Vake vezvitendero ndiwo vaive nemhosva yerufu rwake.

Nesuwo takateerera nekugamuchira shoko raMwari tikava mhuri Yake takakomberedzwa nevavengi vanotipikisa nokuda kwemararamiro edu ehuMwari akarurama. Vanotsvaka zvipomerwa pamusoro pedu, voshanda nazvo mukutirwisa. Nyika pachayo, inounza miyedzo yayo yose, chinangwa chiri chekuedza kutibvisa pamberi paMwari. Kusatenda nekuda zvinhu zvenyika ino ndizvo zvombo zvevakaipa zvirikushandiswa kutiparadza, apo chodokwa-dokwa chezvitendero zvenhema nevatungamiri vazvo vanomira mukupikisa Kritsu nesu vatendi tinomutevera. Uye rangarirai nguvadzose kuti kuna Satani, anova muvengi vedu mukuru, nezviuru zvavateveri vake, varimubishi pabasa rake kuti ave nechokwadhi kuti Mweya yedu ichirasirwa mugehena kuti igoshaya zororo (1 Petro 5:8).

Saka tingaiti nevavengi vedu vatinorarama nawo? Kritsu wakati tinofanira **kuda vavengi vedu** uye kuwaitira zvakanaka. "*Makanzwa kuti zvakanzi, ziso rinotsiiwa neziso, zino nezino. Asi ndinoti kwamuri musadzivisa wakaipa. Asi unokurova padama rorudyi, umurinzire rimwevo. Makanzwa kuti zvakanzi, ude wokwako uvenge muvengi wako. Asi ini ndinoti kwamuri, idai vavengi venyu, ropafadzai **vanokutukai**. Itirai zvakanaka **vanokuvengai**. Munyengerere **vanokuitirai zvakaipa vachikutambudzai**. Kutu muve vanakomana vaBaba venyu vari kudenga; nokuti vanobudisira vakaipa navakanaka zuva ravo, nemvura vanoinisira vakarurama navasakarurama" (Mateo 5:38,39,43-45)".*

Zvino tingade sei vavengi vedu, avo vanotivenga, vanotishandisa zvakaipa, nekutiponera zvakaipa nekutitambudza? Pakurarama kwevanhu hazvina kukodzera , asi seMakritsu takafanira kukura pakuita zvaMwari, sezvakarairwa mubhuku yaPetro, 2 Petro 1:4 *"... akatipa nazvo zvipikirwa zvinokosha zvakakura kwazvo; kuti nazvo muve vanhu vakagoverwa vuMwari, matiza kuvora kuri panyika nokuchiva."*

Zvakadaro mhinduro inovapo pakuva nerudo rusingakume rukuru (rinodanwa kunzi agape muinzwi rechiGiriki rinotsanangura rudo rwemando yepamusoro) kuvavengi vedu. Rungava rudo rwakadii urwu? Rudo *rinehudzamu* asi, runotsvaka chakanaka pamunhu iyeye, kunyangwe achitiitira zvakaipa. Rudo rwakanaka kudai rinehuMwari rinotituma kudzosera chakaipa nechakanaka. Hatiedzi kumukuwadza kana kumuita kuti ave akarasika. Asi, tinoda kuti munhu iyeye aponeswe. Tinoda kumubatsira, uye tine tarisiro yekumushandura.

Agape imhando yerudo rwatakaitirwa nalshe munguva yaakatifira - apo patainge tichiri vavengi uye tichiri kure naMwari nekuda kwezvitadzo zvedu. Takanga tisina kukodzera kuwana rudo rwakadaro netsitsi idzi, asi wakatida zvakadaro. Semhuri Yake, inova kereke, tinofanirwa kuva nerudo rwakadaro kune vakarasika, kune vatadzi uye kune vavengi vedu.

Asi ko avo vakaipa, avo vanotsvaka kutikuvadza nevamwe vose? Huyipi hwavo haungatongwi here? Kana isu vatadzirwa tisingabvumirwe kudzorera zvakaipa, nyaya dzacho dzingagadziriswe sei? Mwari havana kutibvumira, seMakritsu, kutora mutemo kuuisa mumaoko edu totongera avo vakaipa. Basa redu riripo pakudzidzisa nekudzivisa avo vakarasika.

Asi Mwari vane zvombo zvekutidzoredzera: hurumende dzapano pasi dzakapihwa simba rekutonga nekupa mutongo kune avo vanotadza pano panyika uye Mwari pachavo vachatonga avo vasina kusiya zvakaipa nezuva rekupera.

Sevanhu vakarasikirwa nevadikani vavo uye nekutambudzika kukuru, tinokwanisa kuda kutongera makororo nevanoita zvakaipa pamwe nemagandanga. Asi handiro basa redu savanhu uye saMakritsu. Mutemo wekuti *"ziso rinotsibwa neziso..."* hauna kupihwa kuMakritsu. "Asi" sezvinhu "izvo zvakanyorwa muBhaibheri! Mwari wakasanduka here?"

kwete haana kubvira ahanduka. MuTestamende Yekare, Mwari vakapa mutemo yose inosanganisira *yehurumende neyepakumunamata* kunyika yavalsraeri, nekuti yaive nehurumende yavo uye iri nyika yainamata zvakare. Vatungamiriri vehurumende vavo vakapihwa simba rekuranga avo vakaipa, uye vatungamiriri wavo wechitendero vaitungamirira paMweya zvichibva muTestamende Itsva - iyo inotisinga kunyangwe nhasi - Makritsu vari vachengeti nevagara vemumitemo yekumunamata, tichirairwa kuti tisiire mitemo yepanyika kuhurumunde yepanyika.

KuMukritsu, Pauro wakasundwa neMweya Mutsvene kunyora, *"Musatsiva munhu chakaipa kana akakuitirai chakaipa. Tsvakai zvakarurama pamberi pavanhu vose. Kana zvichibvira, pamunogona napo, ivai norugare navanhu vose. Musatsiva, vadikanwa, asi munzvenge kutsamwa; nokuti kwakanyorwa, kuchinzi: kutsiva ndokwangu, ini ndicharipira ndizvo zvinoreva Ishe. Asi kana muvengi wako aziya, umupe kudya; kana afa nenyota, umupe kunwa; nokuti kana uchiita izvozvo, uchatutira mazimbe omoto pamusoro wake. Usakundwa nezvakaipa, asi ukunde zvakaipa nezvakanaka"* (vaRoma 12:17-21). Nekumwe kutaura, Mwari vakati kuvatungamiriri vehurumende, "Muri munondo vangu vekuranga navo vanoita zvakaipa." Nokudaro hurumende dzakapoterredza nyika vabati vekuranga vatyori vemutemo nekupa mutongo kune avo vanoita zvakaipa kunevamwe.

MuTestamende Itsva, tinorairwa kuti, *"Munhu mumwe nomumwe ngaazviise pasi pamasimba makuru; nokuti hakunesimba risina kubva kunaMwari; iwo aripo akaiswapo naMwari. Saka unoramba simba, unodzivisa zvakaishwapo naMwari; zvino ivo vanodzivisa, vanozvitorera mhosva. Nokuti vabati havatyisi unobata basa rakanaka, asi rakaipa. Unoda kusatya simba here? Ita zvakanaka, ugorumbidzwa navo; nokuti ndiye mushumiri waMwari kwauri, kuti akuiitire zvakanaka. Asi kana uchiita zvakaipa, chitya; nokuti iye haabati munondo pasina; nokuti ndiye mushumiri waMwari, mutsivi wokutsamwa kunounoita zvakaipa"* (vaRoma 13:1-4). Mwari, pachavo ndivo vachava nemutongo wekuguma pazuva rekupedzisira, apo vakaipa vose nevasingateereri vachawana mutongo wezvivi zvavo muzuva guru iri ekupedzesera, ipapo vaiti vezvakaipa nevasingateereri vachapihwa mutongo wavo vezvakaipa zvakaipa. *"Ipapo ndakavona vakafa, vaduku navakuru, vamire pamberi pechigaro chovushe; bhuku*

dzikazarurwa, neimwe bhuku youpenyu ikazarurwa, vakafa vakatongwa nezvakanga zvakanyorwa mubhuku, sezvavakabata. Gungwa rikabudisa vakafa vakanga vari mariri; norufu neHadhesi zvikabudisa vakafa vakanga vari mazviri; mumwe nomumwe akatongwa sezvaakabata. Ipapo rufu neHadhesi zvakakandirwa mudziva romoto. Ndirwo rufu rwechipiri, ndiro dziva romoto. Zvino kana munhu akawanikwa asina kunyorwa mubhuku yovupenyu, wakakandirwa mudziva romoto" (zvazarurwa 20:12-15).